

Konpòtman Seksyèl Òdinè

TIMOUN PITI (LAJ 0-3)

- Gade, manyen, ak montre pwòp pati entim nan kò li
- Bande
- Eseye manyen tete manman oubyen lòt fi
- Vle rete toutouni
- Eseye wè lòt moun toutouni
- Poze kesyon sou kò ak fonksyon pwòp kò li, ak kò lòt moun
- Pa fasil pou santi lawont, ni konsyan entimite li

TIMOUN KI POKO LEKÒL (ANT 3 ak 5 AN)

- Gade ak manyen pwòp pati entim nan kò li, an piblik oswa an prive
- Montre lòt moun pati entim nan kò li
- Eseye manyen tete manman oubyen lòt fi
- Vle rete toutouni
- Eseye wè lòt moun toutouni
- Pa fasil pou santi lawont, ni konsyan entimite li
- Poze kesyon sou kò ak fonksyon pwòp kò li, ak kò lòt moun
- Montre kiryozite sou diferans ant gason ak fi
- Gade pati entim nan kò li avèk zanmi
- Pale sou fonksyon kò moun
- Sèvi avèk mo "sal" pou pale sou twalèt, pati entim nan kò moun, oswa fonksyon seksyèl
- Chare moun ki nan randevou

Resous: www.nctsn.org/sites/default/files/assets/pdfs/sexualdevelopmentandbehavior.pdf; ak Toni Cavanagh Johnson, "Understanding Children's Sexual Behaviors: What's Natural and Healthy" (2011) [Konprann Konpòtman Seksyèl Timoun : Kisa ki Natirèl ak San Danje pou Sante]

TIMOUN KI NAN JADENDANFAN - ELÈV 4riyèm LANE (ANT 5 ak 9 AN)

- Ap eseye wè lòt moun toutouni oubyen san rad
- Manyen pati entim li volontèman paske li jwenn plezi nan sa - pou pi souvan, lè li poukont li
- Pandan I ap jwe avèk timoun laj li, I ap pwofite pou mete jwèt sèks ladan (tankou "truth or dare" [verite oubyen eseye], "playing family" [jwèt papa ak manman], oswa "boyfriend / girlfriend" [mennaj gason ak fi])
- Gade foto moun ki toutouni oswa ki kòmanse dezabiye
- Vle konnen kisa bêt fè pou yo gen pitit
- Di blag ki "sal"
- Gade / koute medya sou zafè sèks
- Enterese nan gwochè ak nesans
- Vle plis entimite; pa renmen pale avèk moun majè sou kesyon seksyèl

ELÈV ki ant 5yèm ak 8yèm LANE / TI ADOLESCAN (ANT 10 ak 13 AN)

- Chanjman nan òmonn ak enfliyans ekstèn, tankou zanmi, medya ak entènèt, fè timoun lan pran plis konsyans seksyèl
- Atraksyon / enterè seksyèl pou timoun laj li ap kòmanse
- Sèvi avèk pawòl seksyèl, epi fè konvèsasyon sou zak seksyèl ak sou valè pèsonnèl, espesyalman avèk timoun laj li
- Fè plis eksperyans avèk konpòtman seksyèl, fè jwèt sou konpòtman seksyèl
- Bo, kwoke, epi "fè randevou"
- Enterese nan pati nan kò lòt moun, ak nan chanjman k ap rive lè timoun ap fè kwasans yo
- Ap chèche foto ki gen sèks
- Bat laponyèt lè li poukont li
- Vle plis entimite; pa renmen pale avèk moun majè sou kesyon seksyèl



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county